



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE 21ÈM PWOPOZISYON DISKOU ETA LETA 2017  
LAN: KONSTWI TRANSPÒ KOMEN AK SANT DEVLOPMAN EKONOMIK VIL  
WOODBURY A**

***Amelyore Aksè ak Redwi Sikilasyon Ozalantou Motè Ekonomik Rejyonal  
Woodbury Common lan***

***Akselere Pwojè \$150 Milyon pou Agrandi Kòridò Route 32 a***

***Gwo Pwojè Rekonstriksyon Pral Kreye Prèske 600 Djòb***

***Ki gen ladan Estasyon Bis ki Alimante ak Enèji Solèy pou Pwomouvwa Transpò  
Komen***

Jodi a, Govènè Andrew M. Cuomo te anonse Akselerasyon pwojè rekonstriksyon \$150 milyon dola pou konstwi Transpò Komen ak Sant Devlopman Ekonomik Vil Woodbury a (Town of Woodbury Transit and Economic Development Hub). Akoz de koneksyon depo komèsyal izin Woodbury Common Premium Outlets la, ki se yon motè ekonomik rejyonal, kòridò Route 17/32 a vrèman anvayi ak anpil sikilasyon sezonal, epi sa lakoz blokis ak reta trajè k ap anpeche devlopman ekonomik adisyonèl nan zòn nan. Pwojè a, ki pral kreye 600 djòb, pral agrandi koridò Route 32 a, ranplase pon Route 32 ki pase sou Route 17 lan, rekonfigire bretèl sou otowout New York State Thruway a, epi ajoute yon estasyon bis ki alimante ak enèji solèy ak yon pakin pou pasaje yo ak yon sistèm sikilasyon ki entèkonekte pou amelyore aksè epi pèmèt aktivite komèsyal yo ogmante.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Woodbury Common jwe yon wòl enpòtan nan vitalite ekonomik rejyon an, men blokis sikilasyon ak yon enfrastrikti ansyen anpeche plis potansyèl pou kwasans nan kominote ozalantou yo. Pwojè sa a pral founi yon rezo transpò senplifye, depwent pou degaje blokis la, amelyore kalite lavi rezidan yo, epi kreye plis opòtinite pou kwasans ekonomik nan Woodbury ak nan tout rejyon Mid-Hudson Valley a nèt.”

Pou amelyore mouvman ak sikwi sikilasyon yo, pwojè a pral gen ladan l:

- Aksè amelyore pou depo komèsyal izin Woodbury Common Premium Outlets la.
- Ranplase pon Route 32 ki pase sou Route 17 lan, ki pral gen ladan wotè maksimòm estanda entè eta rekòmande sou Route 17 lan.

- Rekonstriksyon ak agrandisman sèvis Park and Ride yo (Estasyon epi Woule), ki gen ladan yon arè bis ak yon estasyon bis ki alimantè ak enèji solèy pou pwomouvwa transpò komen.
- Rekonfigire Route 17 lan, bretèl sòti 131 anvè lès (Exit 131 eastbound ramp) ki mennen sou Thruway a.
- Yon nouvo sistèm limyè siyalizasyon entèkonekte ki adaptif sou tout Route 32 a pou minimize reta ak amelyore aksè a biznis ak lekòl lokal yo.
- Sistèm Transpò Entèlijan pou optimize kondisyon Sikilasyon yo.

Depo komèsyal izin Woodbury Common Premium Outlets la jwe yon wòl enpòtan nan ekonomi rejyon an lè l kreye djòb, li sèvi kòm motè pou touris, epi ogmante revni fiskal lokal la. Toutfwa, rezidan lokal yo, pasaje yo, ak kliyan yo tout sibi enpak negatif anpil blokis sikilasyon lakoz sou Route 32 nan jonksyon Route 17 Exit 131 an, ki sèvi plis pase 70,000 veyikil chak jou. Jonksyon an souvan ranpli ak pi gwo volim sikilasyon toujou pandan sezon makèt ki gen plis anbouteyaj yo. Blokis la kontribiye a to aksidan elve, veyikil ki kanpe san bezwen, ki asosye ak enpak sou kalite lè a epi sa limite opòtinite pou devlopman ekonomik adisyonèl nan rejyon an, pandan l ap gen enpak sou kagezon pwodwi rejyonal yo.

Pwojè sa a pral redwi tan trajè pou chofè yo ak pasaje transpò komen nan tren ak bis yo lè li soulaje blokis padan l ap amelyore aksè ak redwi anbouteyaj yo nan yon fason ki konsiderab anpil. Itilizasyon bis zòn rezidansyèl yo pral ogmante akòz de amelyorasyon ki fèt nan anplasman pakin pasaje yo, sa k ap pèmèt pasaje yo pase mwens tan nan trajè pou yo al nan travay, k ap redwi emisyon kabòn epi bese depans ki lye a fonksyonman veyikil yo.

Yo pral pibliye RFP (demand pwopozisyon) pou pwojè a mwa pwochen. Konstriksyon pou pwojè a pral kòmanse ane sa a epi l ap kreye prèske 600 djòb.

###